



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON PWOJÈ REDEVELOPMAN 20 MILYON DOLA TESLA SCIENCE CENTER NAN KONTE SUFFOLK

4.5 milyon dola nan premye faz la gen ladan konstriksyon Sant Vizitè Eugene Sayan lan ak demolisyon Bilding ki pa itilize yo

Fon Eta a sipòte transfòmasyon sit istorik pou edikasyon ak inovasyon biznis

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon pou 20 milyon dola redevlopman Tesla Science Center (Sant Syans Tesla) nan Wardenclyffe nan Shoreham, Konte Suffolk. Sit ki mezire 6 ekta sa a se yon moniman Istorik asyonal Etazini ki Anrejistre ak lokal dènye laboratwa envantè selèb Nikola Tesla ki egziste deja. Yo anvizaje Tesla Science Center nan Wardenclyffe kòm yon destinasyon entènasyonal pou vizitè ki enterese nan eritaj ak syans, teknoloji, ak inovasyon Tesla. 4.5 milyon dola nan premye faz pwojè a gen ladan konstriksyon Sant Vizitè Eugene Sayan (Eugene Sayan Visitor Center) lan ak demolisyon apeprè 110,000 pye kare bilding ki pa itilize yo. Empire State Development ap sipòte transfòmasyon sit istorik la ak 1.25 milyon dola sibvansyon kapital.

"Lide vizyonè ak envansyon Nikola Tesla yo te sèvi kòm yon katalizè pou pwogrè syantifik, epi laboratwa li a temwaye lespri inovan li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou prezève sit istorik sa a, nou ede asire jenerasyon k ap vini yo ka aprann nan reyalizasyon li yo epi yo ka enspire pou pouswiv dekouvèt revolisyonè pa yo."

"Laboratwa Nikola Tesla a se yon enkanasyon fizik pouvwa imajinasyon ak kreyativite pou chanje mond lan", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Se yon rapèl vivan sou kontribisyon li nan syans ak teknoloji, epi lè nou konsève sit sa a, nou ka enspire inovatè alavni yo pou yo reve gwo ak reyalize gwo bagay."

Nikola Tesla se te yon envantè ak enjenyè elektrik ke dekouvèt ki chanje lavi yo gen ladan kouran altènatif (alternating current, AC), bobin Tesla a, kouran idwo-elektrik, motè endiksyon, ak plis ankò. Yo te etabli Tesla Science Center nan Wardenclyffe pou transfòme ansyen laboratwa Tesla a an yon sant ki selebre lespri inovan epi ki enspire pwochen jenerasyon inovatè yo. Sant lan pral ofri vizit ansanm ak ekspozisyon ak pwogram edikatif ki eksplore travay revolisyonè Tesla a.

Redevlopman Sant Syans Tesla a se yon pwojè milti-faz ki gen ladan Sant Vizitè Eugene Sayan lan, yon mize, sant syans ak edikasyon, akseleratè biznis ak sant antreprenè, ak reyabilitasyon ak prezèvasyon laboratwa anblematik Tesla a. Sant Vizitè Eugene Sayan lan pral bay yon espas devwe pou montre ekspozisyon sou travay Nikola Tesla ak apwòch inovan li yo. Li pral ofri ekspozisyon ak pwogram alafwa sou plas ak sou entènèt, sa k ap pèmèt vizitè yo dekouvri eritaj Tesla a atravè eksperyans edikatif ak entè-aktif. Lè li fini, Tesla Science Center nan Wardencllyffe pral yon destinasyon klas mondyal ki pral ofri yon eksperyans imèsif pou vizitè yo ki gen tout laj pou aprann sou Nikola Tesla ak dekouvèt li yo epi ankouraje edikasyon syans pou enspire pwochèn jenerasyon envantè, syantis, ak enjenyè yo.

Anplis finansman ki soti nan ESD, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ke Tesla Science Center te resevwa 1.47 milyon dola nan kad prim pou Piti ak Mwayèn Pwojè Kapital Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la (New York State Council on the Arts, NYSCA). Lajan sa yo pral sipòte estabilizasyon ak restorasyon dènye laboratwa pèmanan Nikola Tesla a, ki fèt pa McKim, Mead, & White.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Eritaj Nikola Tesla a sèvi kòm yon rapèl sou pouvwa entelijans imen ak enpòtans rechèch syantifik nan rezoud defi yo nan mond modèn lan. Tesla Science Center a pral yon destinasyon pou vizitè yo aprann sou envansyon Tesla pandan y ap enspire inovatè alavni yo pou pouse limit sa ki posib."

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Redevlopman Tesla Science Center se yon envestisman nan avni inovasyon ak pwogrè. Lè nou prezève ak bati sou eritaj Tesla a, nou ap sipòte nouvo jenerasyon antreprenè ki pral kontinye mennen pwogrè ki pote transfòmasyon nan Long Island ak atravè mond lan."

Direktè Egzekitif Tesla Science Center nan Wardencllyffe la, Marc Alessi, te deklare, "Nou kontan wè inogirasyon pou redevlopman Tesla Science Center nan Wardencllyffe, men travay nou poko fini. Avèk konstriksyon Sant Vizitè Eugene Sayan lan ak demolisyon bilding ki pa itilize yo nan Premye Faz la, n ap avanse nan direksyon vizyon nou pou transfòme sit istorik sa a an yon destinasyon entènasyonal pou inovasyon ak edikasyon. Nou ankouraje kominote a kontinye sipòte nou atravè volontarya ak koleksyon lajan pou ede nou reyalize objektif nou pou enspire pwochèn jenerasyon inovan yo."

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare, "NYSCA kontan anpil pou sipòte renovasyon laboratwa istorik McKim, Mead & White Nikola Tesla a, yon temwayaj pou kreyativite, eksperimantasyon ak aprantisaj. Sant kiltirèl sa a pral enspire vizitè ki soti toupatou nan mond lan pandan tout tan k ap vini an."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armysn, Direktè

Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare, "Laboratwa Nikola Tesla a se yon temwayaj sou pouvwa syans ak teknoloji pou kreye yon mond ki pi bon. Tesla Science Center senbolize potansyèl san limit limanite, epi youn ke LIREDC fyè pou alafwa selebre ak re-imagine pou lavni."

Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare, "Seremoni inogirasyon jodi a se yon premye etap enpòtan nan redevlopman laboratwa Nikola Tesla a an Tesla Science Center. Transfòmasyon sa a pral kreye yon enstiti rechèch mondyal ki dedye pou avanse nouvo teknoloji pandan y ap konsève eritaj ak espri pyonye Nikola Tesla a. Mwen ta renmen remèsye Direktè Egzekitif la Marc Alessi, Konsèy Direktè Tesla a, Eugene Sayan, donatè yo, ak Gouvènè Kathy Hochul pou efò enfatigab yo, devouman ak sipò yo nan avanse pwojè enpòtan sa a isit la nan Long Island."

Manm Asanble Jodi Giglio te deklare, "Inogirasyon nouvo etablisman Tesla Science Center a bati sou travay revolisyonè Nicola Tesla te kòmanse anpil ane de sa. Ke se pou ankouraje inovasyon oswa ankouraje edikasyon, misyon kontinyèl Sant Syans lan pral enspire syantifik alavni nou yo pou yo eksele ak briye. Mwen swete yo pi bon bagay yo nan inisyativ alavni pa yo, epi mwen pa ka tann pou mwenn wè avni yo ap dewoule."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan enkwayab pou Tesla Science Center nan Wardencllyffe pandan y ap kontinye travay pou onore ak selebre eritaj youn nan envantè ki pi enfliyan ak enpòtan nan listwa a. Se te yon gwo plezi pou nou sipòte efò enstitisyon sa a ak travay enpòtan yo fè pou sipòte edikasyon syans ak atire vizitè atravè mond lan nan Konte Suffolk. Nan non tout rezidan Konte yo, felisitasyon pou TSCW epi nou pa ka tann anpil bèl bagay k ap soti nan òganizasyon enkwayab ou a."

Lejislatè Konte Suffolk la, Sarah Anker, te deklare, "Li enteresan pou wè kòmansman yon nouvo chapit pou Tesla Science Center. Mèsi konsèy administrasyon an, anplwaye yo, ak volontè yo k ap kontinye misyon an pou fè sant lan vin yon kote pou aprann pou tout moun jwi."

Sipèvizè Vil Brookhaven, Ed Romaine, te deklare, "Tesla Science Center a se youn nan sit istorik ki pi enpòtan yo nan vil Brookhaven epi inogirasyon sa a kòmanse pwochen faz pou rann li aksesib pou tout moun. Mwen fyè pou m sipòte efò Konsèy Direktè a ak anplwaye yo k ap travay pandan plizyè ane pou fè nou sonje sa ki te pase isit la ak kijan li te chanje vizyon mond syantifik la."

Manm Konsèy Vil Brookhaven, Jane Bonner, te deklare, "Mwen se yon patizan vwayaj sa a pou kreye Tesla Science Center nan Wardencllyffe depi premye jou epi mwen detèmine pou m ede reyalize plan sa a. Anvan yo te etabli sant la, pifò rezidan yo pa te menm okouran de eritaj Tesla te kite pou jenerasyon k ap vini yo dekouvri. Mwen sipòte totalman devlopman sit sa a kòm yon mize ak sant aprantisaj epi mwen pa ka tann pou mwen vin isit la lè li ouvri."

Pozisyon estratejik Tesla Science Center nan Wardencllyffe nan kè koridò rechèch Long Island la, ansanm ak enstitisyon syantifik ki gen renome mondyal yo tankou Brookhaven National Laboratory, Cold Spring Harbour Laboratory, ak Stony Brook University, prezante opòtinite enteresan pou ekonomi rejyon an. Sant lan se yon pati enpòtan nan endistri touris Long Island lan, ki atire vizitè ki soti toupatou nan mond lan pou aprann sou lavi ak travay Tesla. Envestisman Eta New York nan restorasyon ak redevlopman laboratwa istorik Nikola Tesla a pou li vin tounen yon mize ak sant syans klas mondyal pral kreye nouvo djòb, jenere fliks revni atravè endistri touristik ak edikasyon, epi ranfòse pozisyon Long Island kòm yon sant pou inovasyon ak pwogrè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)